



Pou Piblikasyon Imedya: 09/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEKLARE ETA DIJANS NAN TOUT ETA A PLISKE RÈS  
DEBBY KOZE GWO INONDASYON**

*Alèt ak avètisman kont inondasyon rete an vigè pou anpil pati nan Eta a*

*Yo te pibliye alèt kont tònad pou kèk pati nan Hudson Valley, Rejyon Kapital la,  
North Country ak Mohawk Valley*

*Yo te deplwaye ekip sovtaj nan dlo viv nan zòn ki afekte yo pou sipòte operasyon  
sekou lokal yo epi Eta a pare pou sipòte lokalite ki afekte yo ak resous yo*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te deklare yon Eta Dijans nan tout eta a paske rès Debby deja kòmanse lakoz gwo inondasyon nan kominote yo atravè New York. Kounye a sistèm nan ap deplase nan nò/nòdès atravè eta a epi li deja lakòz ijans inondasyon rapid nan Konte Steuben ak Allegany. Pandan sistèm nan kontinye ap deplase atravè New York, gen yon risk k ap grandi tou pou gwo tanpèt loraj ak posiblite pou tònad nan mwatye lès eta a. Yo te deplwaye ekip sovtaj nan dlo viv nan zòn ki afekte yo pou sipòte operasyon sekou lokal yo epi eta a pare pou sipòte lokalite ki afekte yo ak tout resous posib yo.

"Ak rès Debby k ap travèse atravè New York, m ap deklare yon Eta Ijans nan tout eta a, epi administrasyon mwen an pare pou sipòte kominote ki afekte yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ajans eta yo te aktive ekip sovtaj nan dlo viv pou rejyon ki afekte yo ki bezwen asistans, epi li enpòtan pou Nouyòkè yo rete vijilan epi rete lwen wout yo."

Alèt ak Avètisman Inondasyon rete an vigè pou anpil nan eta a epi yo te pibliye alèt kont tònad pou kèk pati nan Hudson Valley, Rejyon Kapital la, North Country ak Mohawk Valley Pou kapab jwenn yon lis konplè alèt yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la nan [alerts.weather.gov](https://alerts.weather.gov). Nou ankouraje Nouyòkè yo tou pou enskri pou alèt ijans lè yo abone nan Alèt NY nan [alert.ny.gov](https://alert.ny.gov), yon sèvis gratis ki bay enfòmasyon ijans enpòtan sou telefòn ak òdinatè ou.

**Preparasyon Ajans**

**Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)**

Yo aktive Sant Operasyon Ijans (Emergency Operations Center, EOC) Eta a nan Albany pou sipòte demann asistans gouvènman lokal yo. Ekip Rapid pou Sovtaj nan Dlo yo prepare davans nan divès kote epi rezèv eta a pare pou deplwaye resous jan sa nesesè. Sant Operasyon Ponpye Eta a aktive tou epi li kapab sipòte operasyon ajans eta yo epi tou okipe demann yo soumèt atravè Plan Mobilizasyon Ensandi ak Èd Mityèl Eta a.

### **Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS)**

Sèvis piblik New York yo genyen apeprè 7,200 travayè disponib pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèkansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta New York nan kad preparasyon pou domaj potansyèl enfrastrikti ak blakawout ki fèt akòz dènye evènman move tan; ki gen ladan travayè kontra ekstèn sa yo: 500 travayè sou kontra ekstèn ki garanti pa NYSEG/RG&E; 495 travayè sou kontra ekstèn ki garanti pa Con Edison; 240 travayè sou kontra ekstèn garanti pa National Grid; 200 travayè sou kontra ekstèn ki garanti pa Orange & Rockland; 165 travayè sou kontra ekstèn ki garanti pa PSEG LI; ak 60 travayè sou kontra ekstèn ki garanti pa Central Hudson. Anplwaye DPS yo pral kontinye swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi asire sèvis piblik yo deplase anplwaye adisyonèl ak resous yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak.

### **Divizyon Afè Militè ak Lamarin**

Gad Nasyonal New York la mobilize 120 sòlda ak Avyatè ak 35 veyikil ki gen aks wo pou bay asistans ak gouvènman lokal yo nan Konte Stueben, Hudson Valley ak nan Long Island si sa nesesè. Pèsonèl militè sa yo ap rete an sèvis jiskaske nenpòt menas ki gen rapò ak move tan an pase.

### **Depatman Transpò (Department of Transportation)**

Depatman Transpò Eta a ap siveye kondisyon meteyo yo epi li prepare pou reponn avèk plis pase 3,429 sipèvizè ak operatè. Tout anplwaye sou teren yo disponib pou angaje ak reponn konplètman epi yo ka konfigire nan nenpòt kalite ekip repons ki nesesè tankou entèkansyon kont inondasyon, dechiktez, chajman ak transpò, vidaj egou, koup & lans, siyal sikilasyon, elatriye Ekip DOT yo ap tcheke ak netwaye drenaj yo ak kannal yo atravè eta a tou, sitou nan zòn ki te afekte pa dènye inondasyon yo ak gwo evènman move tan yo. Tout rezidans nan kote ki afekte yo pral gen anplwaye ak operatè, sipèvizè, ak mekanisyen pandan tout tan evènman an ak operasyon netwayaj priyorite yo.

Fòs antretyen NYSDOT ap fè patwouy sou wout eta yo epi ede minisipalite lokal yo ak repons kont tanpèt yo. Fèmti wout yo te aplike sou plizyè wout eta nan Lwès Southern Tier akòz inondasyon, tankou sou wout Eta 54A, 36 417 ak 248. Ekip NYSDOT yo sou plas epi yo pral re-ouvri wout yo osito ke kondisyon yo pèmèt.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,397 gwo kamyon abèn baskil
- 318 gwo chajè
- 88 dechiktèz

- 87 ekskavatri ak wou ak cheniy
- 30 platfòm tou trafik
- 18 kamyon aspiratè ak jè egou
- 12 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl

Pou jwenn enfòmasyon sou sikilasyon antan reyèl, otomobilis yo dwe rele [511](tel:511) or visit <https://www.511ny.org/#:Alerts>, sous enfòmasyon sou vwayaj ak sikilasyon ofisyèl Eta New York la.

### **Otorite Thruway (Thruway Authority)**

Anplwaye Otorite Thruway la prepare pou reponn ak nenpòt pwoblèm ki gen rapò ak inondasyon atravè eta a ak 671 operatè ak sipèvizè, avèk eskavatri ki piti pou rive nan sa ki gen tay mwayen yo, kamyon chasnèj/baskil yo, gwo kamyon chajè yo, pano VMS pòtab yo, poto limyè pòtab yo, jeneratri ki pi piti yo, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt detou oswa fèmte yo. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou Thruway la.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 346 gwo kamyon baskil abèn ak ti kamyon
- 63 chajè
- 34 Trelè
- 6 Kamyon Aspiratè
- 13 Ekskavatri
- 7 dechiktèz ak bwòs
- 100 twonsonez
- 22 Kamyon Ayeryen
- 25 Chajè ak Direksyon
- 86 jeneratri pòtab
- 70 Inite Ekleraj Pòtab

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li a ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou [TRANSalert](#) ki bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou otowout Thruway, suiv [@ThruwayTraffic](#) sou X, epi vizite [thruway.ny.gov](http://thruway.ny.gov) pou wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

### **Lapolis Eta New York**

Lapolis Eta a pral sipòte yon demann DHSES nan lokal Binghamton/Vestal la epi l ap bay yon ekip ki gen 6 manm URT, 1 idwojlisè ak 1 RHIB. Operasyon yo te kòmanse jedi swa a 6:00 pm pou peryòd operasyon 12 èdtan epi fini lè li pa nesesè ankò. Lapolis

Eta a pral siveye ak anpil atansyon kondisyon metewolojik epi yo pral deplwaye pèsònèl adisyonèl, jan sa nesesè, nan zòn ki afekte yo. Veyikil Lapolis Eta a ki espesyalize, tankou veyikil kat-pa-kat ak veyikil itilite (UTV) yo ak bato deja an pozisyon epi yo pare pou yo fè entèvansyon imedyatman.

### **Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC)**

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sitiyasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo afekte poutèt move tan. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan ekip rapid pou sovtajan nan dlo yo nan pozisyon pou yo ede nan nenpòt repons ijans. Resous yo, ki gen ladan ekip sovtajan nan dlo viv, yo ap deplwaye pou ede ak repons ijans nan Southern Tier pou ede kominote ki andomaje akòz inondasyon yo.

Avèk posiblite pou gwo lapli, yo konseye randonè yo pou evite tanporèman tout santye ki gen altitud wo yo ak santye ki travèse rivyè ak kouran dlo yo. N ap ankouraje randonè nan Adirondacks yo tcheke paj wèb [Enfòmasyon sou zòn Kanpay Adirondack la](#) pou mizajou sou kondisyon santye yo, fèmte wout sezonnye yo, ak enfòmasyon lwazi jeneral.

### **Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)**

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi yo ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Pak te mete sèt ekip siyè annatant pou ede ak netwayaj tanpèt. Vizite pak yo ta dwe vizite [parks.ny.gov](http://parks.ny.gov), tcheke aplikasyon mobil gratis NY State Parks Explorer oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmte yo.

### **Otorite Transpò Metwopoliten**

Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an ap siveye kondisyon metewolojik yo depre pou asire sèvis san danje ak fyab. Anplwaye MTA yo ap pare pou entèvni kont tout pwoblèm ki lye ak kondisyon meteyo yo. Pou diminye chans pou inondasyon epi reponn a nenpòt ka inondasyon ki rive, ekip MTA yo pral enspekte drenaj nan zòn ki gen tandans inondasyon yo pou asire yo fonksyone, epi sipèvizè yo pral kontwòle kote ki gen tandans inondasyon yo pou nenpòt rapò sou inondasyon pou asire gen repons rapid. Espesyalis asansè ak eskalye mekanik yo pral deplwaye nan kote ki gen tandans inondasyon yo pou ede nan nenpòt pwoblèm asansè ak eskalye mekanik ki gen rapò ak move tan.

Akòz gwo van ak lapli ki nan previzyon an, , Otorite Pon ak Tinèl MTA (MTA Bridges and Tunnels) ap mete yon entèdiksyon sou semi remòkè ak kamyon remòkaj vid yo sou pon li yo apati 3:00 p.m. vandredi 9 out jiska 7:00 a.m. samdi, 10 out.

Kliyan yo ankouraje tcheke [new.mta.info](http://new.mta.info) pou dènye mizajou sou sèvis, ak pou itilize prekosyon pandan yo ap navige sistèm lan. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an

tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA ak aplikasyon TrainTime lan.

### **Otorite Pòtyè**

Otorite Pòtyè a ap siveye kondisyon meteyowolojik yo nan tout etablisman li yo. Nan ka ta gen kondisyon metewolojik grav, ajans lan ap bay alèt vwayaj regilye ak mizajou jan sa nesesè atravè alèt imèl etablisman yo ak sou medya sosyal. Pou dènye enfòmasyon yo sou etablisman Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou [alèt PA](#) yo oswa telechaje youn nan [aplikasyon mobil PA](#) yo, ki enkli RidePATH ki bay mizajou nan tan reyèl ak alèt pou sèvis PATH.

### **Konsèy Sekirite pou Move Tan**

#### **Founiti nan Ka Katastwòf:**

Genyen founiti sou men, tankou:

- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

#### **Konsèy sekirite nan ka inondasyon rapid:**

- Pa janm eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.
- Si dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.
- Pa souzestime pwisans destriksyon dlo k ap kouri vit. De pye dlo inondasyon k ap kouri rapid pral fè machin ou flote epi dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.

#### **Ti Konsèy Sekirite pou Loraj:**

- Si w ka tandè tonè a, ou pre loraj la ase pou zeklè a frape w. Ale nan yonabri sekirize imedyatman.
- Ale nan yon batiman ki solid. Pa pranabri nan ti kabin yo, anba pye bwa ki izole yo, oswa nan otomobil ki konvètib yo.
- Si gen kout zèklè epi pa genabri solid ki disponib, antre nan yon otomobil kote tèt li solid epi kite vit yo monte.
- Soti nan bato yo epi rete lwen dlo.
- Liy telefòn yo ak tiyo an metal yo ka kondwi kouran. Dekonekte aparèy ki pa nesesè pou jwenn enfòmasyon meteyowolojik yo. Evite itilize telefòn oswa nenpòt aparèy elektrik.
- Pa benyen ni pran douch.
- Etenn èkondisyon - gwo tansyon ki soti nan zèklè ka sichaje konpresè yo.

- Ale nan altitud ki pi wo yo si li posib pou gen inondasyon rapid oswa inondasyon.
- Pa eseye kondwi pou al mete ou an sekirite - laplipa lanmò nan inondasyon rapid yo rive nan otomobil yo.
- Si w deyò, jwenn yon kote ki ba lwen pye bwa, kloti ak poto.
- Si w nan rakhwa, pran refij anba pye bwa kout.
- Si ou santi pikotman oswa cheve ou kanpe, koupi byen ba a tè a sou pwent pye ou; mete men ou sou jenou ou avèk tè ou nan mitan yo; fè tè ou vin pi piti sib posib; epi minimize kontak ou ak tè a.

### **Konsèy sou Sekirite kont Tònad**

- Si ou deyò, epi yo pibliye yon Avètisman Tònad, chècheabri imedyatman. Si w pa gen okenn kote tou prè w pou w mete w alabri, kouche plat atè nan yon fose oswa yon kote ki ba epi mete men w sou tè ou.
- Si ou lakay ou oswa nan yon ti bilding, ale nan sousòl lan oswa nan yon pyès pa andedan nan etaj ki pi ba a. Pa kanpe bò fenèt yo. Plaka, chanm deben, ak lòt espas chanm enteryè yo ap pwoteje w pi byen. Antre anba yon bagay ki solid oswa kouvri tè ou ak yon matla.
- Si ou nan yon lekòl, yon lopital, oswa yon sant komèsyal, ale nan zònabri yo deziyen alavans lan. Pa kanpe nan espas ouvè ki laj yo aswa bò fenèt yo. Pa soti deyò pou al nan machin ou.
- Si ou nan yon bilding ki wo anpil, ale nan yon ti pyès pa andedan oswa nan koulwa nan etaj ki pi ba posib lan. Pa pran asansè — pran eskalye pito.

Pou plis konsèy sekirite, vizite <https://www.dhSES.ny.gov/safety-and-prevention>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
 Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)